

\*\*\*\*\*  
RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—  
Langkoengipoen, saben 10 temboeng octaw  
kirang: f 0.50.

Advertentie limrah: f 0.15 sagaris;  
(apes: f 1.25).  
Moendoet kapatjak langkoeng saking sa  
pis, octaw moendoet dados lenggan,  
tepan rembag roemijn kalijan admin  
istratie.

Hoofdredacteur:  
B. SOEMARNA  
kabantoe  
REDACTIE - COMMISSIE.

\*\*\*\*\*

### I SINI POEN:

Ngatoeraken kasoegegengan — Kekirangan teda — Keblinger moeroegaken kéder — Gesang rerajatan lan djagad social — Wadjibing iboe — Djagad goeroe — Pasemon-pasemon ing salebeting padalangan — Pangroekti Laja ing Djokja — K. W. ing Djokja — Elékking warsa énggal — Ontjén sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

### NGATOERAKEN KASOEGENGAN.

L. S.!

Tanggal 25 December!  
Dinten poenika OEMOEMIPOEN kaanggep dados bakdan-ipoen kadaang Katholieke Djawi, minangka lelintoenipoen 1 Sawal, lan njingkiri sampaen ngantos golongan kita di  
poenanggep bakdan wonten tanggal 1 Djanowari, kados bangsa Walan  
dit!

Para maos!

Swara Tm, ingkang isi seratan poenika, moegi pandjenengan anggep dados lelintoenipoen REDACTIE toewin ADMINISTRATIE Sw. Tm. sowan ngatoeraken kasoegegangan: „bekti, taklim toewin pamoeidi” dateng Pandjenengan sadaja, wonten ing tanggal 25 December. Manoengsa makaten, sekéng! Boten wonten ingkang lepat ing kalepatan toewin kalintoe! Mila, sadaja kalepatanipoen Redactie toewin Administratieve, moegi Pandjenengan leboer kémawon, kaboetjal dateng sagaten pangapoentoen!

Pangadjeng-adjeng koela ingkang sami tandang damel wonten Redactie toewin Administratieve, moegi Pandjenengan sadaja pikante barkah rahmating Goesti Allah; toemoesipoen dateng garwa, poetra, toewin wandawa manhanani: wiloedjeng, tentrem, ajoe, joewana.

REDACTIE lan ADMINISTRATIE.

### PRADJA RAHAJOE.

KEBLINGER MOEROEG-AKEN KÉDER.

Sinareng Pen. maos oréanipoen sadérèk Sasra ing Swara-tama no. 44, inggih poenika bab „Nasib”, ingkang ka-voordracht - aken déning sadérèk S.H.S.; ing ngandap pijambak wonten oengel-oengelanipoen: „Voordracht koela poenika soemanga sami dipoen-galih.”

Mestinipoen ingkang katoedjoe nggalih poenika, boten sanès inggih sadérèk-sadérèk ingkang wonten ing Parepatan ngrikoe.

Éwasamanten Pen. kapeksa toemoet-toemoet nggagas, djalaran sakting kepranan manah koela, anggénipoen mak „plek” sami, moerogaken badaring boendelan koela, ingkang koela simpen lami.

Pen. boten badé njerékal voor  
drachtipoen sadérèk S.H.S. (tjiang sampaen sami) namoeng badé nam  
bahí sakedik.

O, laker inggih makaten; kasing  
gihan sanget pangandikanipoen sa  
dérèk S. H. S. jén „tjiang Djawi poenika ingkang keblinger.” Dados  
ipoen tanah Djawi dawah ing pa  
ngowaeng kradjan sanès, dados  
ipoen daganganing (pamedaling siti)  
tjiang siti karegem ing tanginan  
Tjina, dadosipoen kasoegihanipoen  
tanah Djawi doemoenoeng (mang  
gén) ing bangsa mantja, poenika  
sadaja, djalaranipoen boten sanès  
saking „keblinger.”

Tjoli koela badé mendet boekti,  
sakedik: Wonten satoenggiling tjiang  
doesoen, pikanteek sawer ageng  
satoenggal, ladjeng kasadé dateng  
Tjina ingkang tjeljal kalijan doesoen  
ipoen ngrikoe, kalijan regi f 4 (ka  
wan roepijah). Tjina ingkang noem  
bas sawer waoe ladjeng dateng kita  
ingkang inggih boten tebih kalijan  
(doesoen waoe) ndjoedjoeg dateng

(doesoen waoe)

ndjoedjoeg dateng

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

### Medal saben dinten Djoemoewah.

\*\*\*\*\*

REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA TAMA

sampaen kalijan regining Soeara Katholieke

1 taoen . . . f 7,50 } njoewoen kabajar

1/2 . . . f 3,75 } roemijn.

Adrèspoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA.

\*\*\*\*\*

Drukkerij „Canisius” Djokja.

### KEKIRANGAN TEDA ING MANGGARAI.

(FLORES KILÈN).

Pandjenengnipoen Pastoer R. Wolfs, wonten De Koerier 14 December, ngandaraken bab kekirangan teda ing Manggarai, soera osipoen makaten.

Ing bawah Manggarai, sampaen dangoe kambah ama tikoes, andjalari kiranging teda ing koekoeban ngrikoe. Saking poendi asaling tikoes' waoe, pandjenengnipoen P. Wolfs boten mangertos, nangking kinten-kinten kémawon kabekta saking kasébipoen dateng djawah ing taoen kapengker, andjalari tikoes - tikoes énggal sanget bebranahan; wasana sareng ing wana sampaen katelasan teda, ladjeng sami ambjoek dateng pategilan.

Manawi tetjang ing Manggarai pijambak, anggénipoen njebabaken warni kalih. Sepisan margi dajaning djawah awoe kala 5 Augustus 1928, njarengi pandjebloegipoen redi latoe ing poelo Paloeéh. Kaping kalih, margi oelam lodan. Oelam lodan (ikan paoes) poenika waoe manawi dalos sami minggir dateng pasisir angababi poelo ngrikoe ladjeng ndjalar wonten tikoes pinten-pinten.

Tjekak, badéja kados-poendi-kados-poendi sababipoen, ing ngrikoe naté kaambah badjag tikoes, malah sapoenika manoet tjarijospoen teti-jang inggih taksih wonten pinten-pinten.

Ichtijar ngitjalaken tikoes waoe dèréng wonten ingkang sampaerna, tjespleng! Saking Nagari inggih dèréng pikanteek djampi. Tetjang ngrikoe sami migoenkaken pasangan, nangking dèréng saé, toer boten nje-kapi kangé ngitjalaken tikoes matatoes-atoes poenika. Sawenéh wonten ingkang anggénipoen njirnakaken sarana segawon, nangking kadospoendi tjiang segawon-segawon ing ngrikoe boten patos katah.

Sampaen wiwit kala woelan Mei, tetjang sami kekirangan teda bakoe: djagoeng toewin pantoen. Malah ing Roeis, Tjongkar, Bibing lan Rempong babar pisan sampaen boten wonten djagoeng oetawi pantoen. Tetjang ladjeng sami dateng wana, andoedoek „raoet” (manawi tjara Djawi bokmanawi kémawon: ga-doeng). Kasangsaran waoe wonten woelan Juli, Augustus, September saja ngambra-ambra. Pakampoengan sami soewoeng, tetjangipoen djaler éstri, aném, sepoeh sami dateng wanangoepados bonggoling wit-witan toewin woh-wohan, nangking kenging kawastanan boten pikanteek poena-pa<sup>2</sup>. Margi, wana waoe sampaen dangee anggénipoen boten ngedalatan kasil inggih kabekta saking éwon tjetjahing tjiang ingkang ngoepados teda mrikoe. Margi makaten waoe,

ing sarandoening angganipoen, margi saking remen tetoeloeng dateng sesami, gadah watak welasan, takad ing salebeting wonten sambekala, ladjeng nama prajogi jén ladjeng toemoet ngénténgaken, manawi wonten pait getiring ngage-sang. Tjiang éstri ingkang kadjibah ngenglipoeing djaler manawi pinoedjoe soesah; tjiang éstri ingkang kedah ngengageng manahipoen ingkang djaler, samangsa keteweohan manah nrimah mopo, sampaen boten gadah pangadjeng-adjeng; tjiang éstri ingkang gadah bagéan ngoepakara ingkang djaler, jén pinoe-djoe sakit.

Kalimrahanipoen tjiang djaler njamboet damel ing sadjawining griga; déné tjiang éstri lerep ing salebeting griga; ing ngrikoe ngoerbanaken kekijatanipoen sadaja kangé anak - sémah. Watak resikan, raos dateng adi pèni, langkoeng-langkoeng winantoe katresnan lan oelat manis asoeméh, poenika rengganipoen tjiang éstri, inggih dados rerengganipoen griga; poenika ingkang badé ngesepaken ingkang

ningali, adamel gambiraning leloe  
rahing brajat.

Mila saking pangadjeng-adjeng  
koela, sageda sadérèk kita wanita  
priksa agenging kewadujibanipoen  
toewin adjining sesanggénipoen.  
Kita wanita ingkang badé saged  
adamel warasing gesang sesarengan;  
kita ingkang saged andjampéni se  
sakit ing djaman sapoenika sarana  
nindakaken koewadujiban kita kanti  
ngatatos-atos lan nastiti. Soemanga  
sadérèk kita wanita, poenika di  
poen - galih.

A.

### WADJIBING IBOE.

Saé awoning wewatekanipoen poe  
tra, ingkang ing tembé badé dados  
tjiang ingkang badé dados isén  
isénning pradja, sanjata bilih dados  
sesanggénining wanita. Saja-saja ing  
djaman sapoenika, para prija prasa  
sat boten naté wonten ing griga,  
sadinten moepoet késah ngoepaja  
sandang boga, mèh boten kober  
babar pisan ngrembag poetra.

Toedjoenipoen ing sapoenika

## ATOER OENINGA.

Gandeng kalijan liboeran December toemrap kantja Drukkerij, Swara Tm. ingkang pantjénipoen medal bédjing Djemoewah, kawedalaken ing dinten poenika.

REDACTIE  
lan  
ADMINISTRATIE.

sampoén kelebet njekapi, pamelangan-pamelangan ingkang kangé para poetri, soepados ing tembé woeri, para wanita sageda ndjagiing anak rabi. Saja katah para wanita ingkang bablas sinaoenipoen, katah pangertosipoes, djember sese-repanipoen, ageng katékadaniopoen. Nanging sapinten tjatjhipoen para wanita ingkang saged dangoe ngrasaken ngasta pedamelan ingkang temtoe inggih ladjeng gesang sesarangan kalijan para kakoeng, inggih poenika dados garwa, ingkang ingladjengipoen oegi badé dados iboe?

Poenapa ta koewadjibaniopoera para iboe?

1. Ng Goela-wentah, ndedasar we-watekan, ndjagi bagas kasarasaning soekma lan raganipoen para poetra.

2. Ngrembag dahar saha agem-agemaning kakoengipoen saha poetraniopoen.

3. Nata lan ndjagi, ngrimati isèn-isèn dalem, amrih sampoén gam-pil risak lan itjal.

Koewadjibani ingkang samanten katah saha ageng-agengipoen, boten kenging ginagampil, sinambi-sambi tindakipoen.

Sapoénika para wanita kok badé toemoet-toemoet ngrembag bab Politiek. Poenapa politiek poenika kenging kasambi-sambi kalijan momong, masak-masak, nata-nata se-sekarang, meubel, njerat (mbatik) lan sapanoenggilipoen, pedamenipoen para iboe wonten ing dalem? Poenapa ing salebetipoen momong poenika sinambi ngasta (maos) serat-serat kabar ingkang ngemot pergerakan politiek, jén betak kalijan njanding boekoe-boekoe wetboek, mangké gék sangit, jén pi-noedjoe ngasta njerat (mbatik) oetawi ngrenda oetawi soelam-soelam, sinambi ngendikan bab badé perang-ipoen Amerika lan Djepang?

Temtoenipoen inggih ladjeng ngingah abdi kalih poenapa tiga, setoenggal kapilih ngratengi daharan (koki), setoenggal ndjagi (momong poetra), satoenggal lados lan kaphrahan salebeting dalem.

Inggih ingkang saged. Poenapa bilih badé wonten pakempalan Politiek Perempoean poenika ingkang dados ledeniopoen namoeng para ingkang saged ngingah réntjang (para kaja-kaja). La, iboén si genderok ki engko prijé?

Andjawi poenika bab oewet-renteng dalem, saha panggoel-wentahing poeta boten kenging kapasrahaken babar pisan dateng abdi. Poenapa pandjenengan dérèng naté midanget tijang raosan: "Poe-trané dén Anoe kaé kok kemprotemen, nggragas, nakal, ora ana èmper-èmperé babar pisan karo rama-iboéné. Toer rama-iboéné kaé rak weton sekolahana ta."

Mila koela atoeri ngawat - awati kémawon saking ing wingking (njampedi ing dalem). Dados kados tandanging wanita ingkang katilar perang ing raka, ndjagi dahar lan sedija mimis, lan damel bantoe (inggih poenika nggoela-wentahing poetra).

F. J. ABOE.

## ONDERWIJS

### DJAGAD GOEROE.

Sadérèngipoen koela ngedalaken wawasan ébahing djagad goeroe, koela sanget matœr séwoe noewoen dateng saoedara H. Mèmper, ingkang sampoén karsa mboemboni (djanton) goebahan koela: "Volksschool-Vervolgschool" ing Swara Tama no. 36, ingkang kawrat ing Sw.Tm. no. 40. Eerste blad 4de en 5de kolom. Margi saking boemboenipoen H. H. Mèmper, goebahan koela ingkang soewaoenipoen tjemplang, ladjeng dadas: "nikmat, legi goerih awangi" sanget miraos.

Kalijan samanten pangrembag koela pantjén kirang toemoendjem, margi namoeng koela anggé ngojak titeling karangan. Sareng kadjantonan saoedara H. Mèmper, kok inggih ladjeng gandem. Boten langkoeng: proficiat.

Sapoénika ngrembag djetjeran rembag djagad goeroe:

Wonten wartos bilih ing Batang, sapoénika wonten cursus G.D. kangé ngoedi (nempoeh) eindexamen N.S. Dados saminipoen Normaallergaeng toemrapipoen G. D. Margi saking poenika G. D. saindenging Midden en Oost Java sami méri. Sami njoe-woen soepados ing sanès panggèn oegi kawontenana cursus poenika waoe déning ingkang wadib. É, éh, kabéh - kabéh ndjaloek pada karo N. S. ers! G. D. lan G. B. ers ndjaloek pada, Kw. S., H. K. S. ers ndjaloek djaduhané!!! Hara jén N.S. ers boten dipenoekani mergi, rakh badé pèndeng, kedjevit wonten tengah. Panjoewoen koela moegi lawangipoen N.S. ers i.p. Gijnastiek lan Taal-cursus énggal kawengakna! (Mrt.)

Sadaja G.D. sampoén sami tampil cirkulaire ing salebetipoen woelen Oct. ingkang kapengker. Ing cirkulaire waoe katerangaken bilih wiwit bédjing 1 Januari 1930 eerste benoemingipoen G. D. f 20. Poenapa H. Mèmper sampoén priksa? Jén dérèng, moendoeta Soeara Goeroe Sekolahan Désa (S.G. S.D.) orgaaniipoen G. D. ingkang medal ing woelen Oct.! Kantoen ngentosi sakadap. Indakanipoen G.D. badé saben 3 taoen sepinan, katahipoen f 1. Sareng sampoén 16 taoen, i.p. sareng blandja sampoén dados f 25 sawoelanipoen indakanipoen ladjeng f 2,50 Djangkepiopoen f 40 sasamipoen 25 taoen.

Koela mireng rembagipoen G. D. sakiwa-tengen panggèn koela, angsal kanoegrahan kados makaten poenika mekga boten marem, awit jén dipoenétang malah roegi, sami oegi kalijan G. B. kala sami tampil waledan poenika. Jén dipointingali sakeplasan pantjén étja, ning nglebetipoen.....! Pamaréntah pantjén boten bodo, wasis, saged noeroeti panjoewenipoen kawoela, ingkang katingalipoen mbingahaken!!!

P.G.K. (Pak: Goeroe Kasoeltanan) margi kataman soedaning blandja, ladjeng tjabang-tjabang P.G.K. riboet ngwontenaken vergadering perloe ngrembag njoewoen dipoenamsékaen G.D. ing Goepermèn. Manawi sadaja tjabang sampoén ngwontenaken vergadering sadaja, tjalon badé ngwontenaken Openbare vergadering lan badé ngoelemi Bestuur G.K., K.B., P.M.S., P.G.H.B. preloe dipointendani pretimbangan. Prakawis poenika temtoe badé karembar bédjing wonten congres P. G. H. B. tanggal 16-19 Februari 1930.

Mangka koela mireng (kabur angin) G.D. ing tanah Goepermèn inggih njoewoen dipoenamsékaen P.G.K., djalaran P.G.K. volipoen sasampoénipoen 20 taoen. Tjobi dipointentosi kadadosanipoen!!

Ing Kroja wonten comité kaggé N.C. ingkang dipoenpangarsani Hr. Sardja. Kados-poendi haloeanipoen panjerat boten pados terang. Hr. Sardja mentas dipoendatengi H.B. P.G.B. saking Djokja, kapoerih njandékaken kadijengipoen ngwontenaken comité, mekga boten poeroen.

Sadérèk goeroe Neutraalschool ing Djokja nembé kémawon ngawisi moeridipoen dados padvinder I.N.P.O. lan S.I.A.P. djalaran padvinderij kallih warni poenika dipoenwastani soe-lapan saking pakempalan P.N.I. lan P.S.I. Mangka pakempalan P.N.I. sapoénika dados awisaning negari. Moerid Neutraal kapoerih mlebet padvinder ikgkang katoentoen ing Hr. Ranef kémawon.

Margi saking poenika Neutraalschool ing Djokja ladjeng angsal critiekan radi katah saking sanès go-longan. *Djaré Neutraal, djeboel ja doeroeng Neutraal tenan!*

A.M.S. Directeur A.M.S. ing Djokja ndidik moeridipoen soepados: "anti oorlog." Pandjenenganipoen nerangeraken bedamèn ingkang dipointéken Verdrag van Versailles, sarta prakawis Volkenbond. Moerid A.M.S. ing klas nginggil pijambak ingkang montjér sanget kesagedanipoen ing atasing poenika waoe, ladjeng dipoen-gandjar boekoe.

Wanita Indonesia: Mej. Moedinem tampi gandjaran boekoe: "Le marchand de Bagdad" saking pradjá Fransch, lan boekoe: "Die Frauen jenteits der Onzeane" saking pradjá Duitschland.

Jongheer Soetikna tampi boekoe: *Grundlagen der deutsche Teologie*; lan "Hinter Pflug und schraubera-stack." (Poenika jén boten kléntoe panjerat koela lo!! Mrt.)

Moeda Indonesia kekalih waoe tanda jén montjér kasagedanipoen.

Panjoewoen koela moegi-moegi missie onderwijzers sampoén ngan-tos kantoen, anggènipoen njebat wi-dji "anti oorlog" kalijan golongan sanès.

Directeur M.U.L.O. Zending ing Solo oegi mentas kedjawahan critiek, langkoeng-langkoeng critiek sa-kihg B.O., djalaran directeur waoe mentas ngedalaken moerid ingkang namoeng sebab nganggé koeploek Indonesia. Nalika laré waoe nganggé koeploek, sareng kasoemerepan te-roes kawedalaken sanalika. Poenapa

boten prajogi dipoenélikaken (dipoenawisi) roemjin?

Sadérèk Tionghoa kagebag ratjak nengenaken sanget dateng prakawis dedagangan, njingkoer dateng onderwijs. Kangé paseksèn, T. H. Keng Kie Hwee ing Betawi noelak cursus Engelsch Hollandsch, Boekhouden, mawi basa Mlajoe ingkang sampoén dipoenwontenaken. Pantjén namoeng sakedik bangsa Tionghoa ingkang remen dados goeroe, katanda goeroe-goeroe ing H.C. S. sapérangan ageng kita Indonesië.

P.G.P.K. ing Solo kados-poendi? Déné tanpa wonten kabariopoen?

Pagersari 10 Dec. 1929.

S. D. MARTAJA.

## KAGOENA N.

### PASEMON-PASEMON ING SALEBETING PADALANGAN.

Petikan sesorahipoen sadérèk Hardjawardaja.

(Sambetipoen Sw. T. No. 45).

IV. Ing salebetipoen djedjer I, bibar pasowan dijawi ladjeng kada-tonan, poenika mrlambangi bilih manoengsa kinarsakaken babran-han.

V. Ing salebetipoen djedjer III: gara-gara. Kalanipoen Semar medal, dipoensoeloeki Djingking, oengel-oengelanipoen makaten: "... Titi toenda gagating ngarang, trisoenti poernama djati, kapat mangka kallima tjandala; mangka tjandala, é... ana, leng-lenging djagad sanjata; pat-oepaté oela lanang, é... ana, pat-oepaté oela lanang, pangiridé kebo doengkoel, sasisih sapi goemarang. — Triwat gatra toenda, jén pitika koelawoe benda; pat-oepaté oela lanang, nang, doeng, nang, tak, doeng, dang, doeng, gong.

Pamedar sabda boten saged nar-boekani sadaja oengel wertosipoen oengel-oengelan ing nginggil, na-

### VAN LITH - STICHTING

Jejasan  
ingkang kedah  
kita santosakaken.

Pangreh V. L. S.  
p/a Bijz. H. I. S.  
Magelang.

## ELÈKING WARSÀ ÉNGGAL.

Warsa énggal, gagrag énggal? Poenapa poenika namoeng badé kändel ing pitakénan, poenapa badé kaleksanan saéstoe, koela boten saged oetawi dérèng saged ngatoeraken. Anang mengahing Sw. T. mitoeroet rembag rembag oetawi oesoel-oesoel, ingkang sampoén kamot ing Sw. T. minggoe ingkang sampoén kapengker, sadjak teka badé boten namoeng woedjoed pitakénan kémawon. Oepami oesoelipoen K.W. ing Blitar; oréhanipoen Sad. Ordeka toewin nembe mangké karanganipoen sad. Soe-Tédja, poenapa malih ngéneti ombjaking diawi makaten oegi. Oepami koela namoeng mligi maos oesoelipoen K.W. ing Blitar tok, manah téroes mantep: ija prajoga digawé dagblad. Anang sa-reng maos goebahanipoen prijantoen kekalih kaseboet ing nginggil, ladjeng mbak plengpong, lo, kok ija ora gampang arep ngedegaké dag-blad ikoe; boetoehé kok akéh timen. Woesana ladjeng namoeng tingoek-tingoek, pikiran mrika-mrika, ngga-gas-nggagès ngantos pandjang, doe-moegi ing ngendoro kepanggih; inggih roedjoek inggih boten roedjoek, litripoen: boten saged moetesi pijam-bab, kepeksa nrimah. Wontenipoen ladjeng namoeng njoemanggaken dateng ingkang wadib ngrembag bab poenika. Lah, ingkang wadib bab poenika sinten? Wangsoelan koela: lah inggil ingkang kagoengan. Lah, sinten ingkang kagoengan? Lo, la inggil... Sinten boten ngertos bab poenika? Mila ing parepatan taoenan ingkang badé kawontenaken poenika temtoenipoen wah badé wonten rembag katalah sanget. Koela memoedi sanget sagedipoen toe-mindak saé lan amoetoesi oesoel-oesoel lan pitakénan sadaja, langkoeng-langkoeng prakawis serat kabar kita Sw. Tm.

Ingkang wadib temtoenipoen ke-dah mireng saking kiwa-tengen kados-poendi rembag poenika manawi kaoemoemaken; sebab-sebab ingkang katjoenggoelaken déning sadérèk Soe-Tédja temtoenipoen boten kenging katilar, kedah kagalih saéstoe, ke-djawi satoggal; inggih poenika, jén Sw. Tm. kedah gadah drukkerij \*) Inggi. Kita satoedjoe kalijan para ingkang sedya ngelar [ngerepi wedalipoen] Sw.T, awit doemoeq sapoénika mila rajé roepak. Sw. Tm. minggoe wingking kapeksa boten saged ngemot kabar Katolik. Poenapa malih redactie saben-saben Sw. Tm. badé medal tansah milih ndjilmet, karangan poendi ingkang prajogi (karoemijinaken manoet ébahing djamán, soepados sampaen ngantos wajoe) kamot. Anang Sw. Tm. prajogi (kedah) kerep medal oetawi botenipoen, lah poenika ingkang kagoengan wadib ingkang badé ngrembag [moetoesi]. Red.—

## CORRESPONDENTIE.

Stan. moertie dipoenansrantsaken sakedap. Sad. S. minggoe ngadjeng.

janing redactie); menawi saged pé-rangan Oerap-Sari dipoenatahana malih. Kedjawi poenika, ngénetaken soepados kabar-missie kalebetaken dateng Tamtama kémawon, djer poenika sampoén dados poetoes-aning konggrès ingkang sampoén).

PANGREH P. K. W.: kaoesolaken pindah dateng Moentilan, märgi kamanah Ambarawa poenika tebih saking djagad pakempalan.

Déné ingkang kasawoengaken dados warga - pangreh - padintenan: R. J. Djaja-Atmadja.

KONGGRÈS: kasoewoen mang-gén wonten Soerakarta; Lan, manawi konggrès P. K. W. poenika moegi kadamel semoea: mawi titingalan, oetawi sosorah-sosorah kenggé oemoem, dados boten njenjet kémawon kados ingkang sampoén-sampon.

Agénda „Oesoel-oesoel dateng tjabang Ngajogja”, parepatan netep-aken:

a. Nindakaken poetoesan ingkang sampoén badé ngadani „pakempalan main tjaotoer,” sarana njereg pri-jantoen ingkang soewoae sagah dados panoentoen ing schaakclub.

b. Manah badé ngawontenaken dar-ma-wisata (excursie) kinten-kinten bédjing April. c. Ngawontenaken Mis, samangsa wonten warga tilar donja. d. Manawi parepatan, badé manggén ing dalemipoen warga ingkang karsa nampi. e. Kaangkah sa-sagedipoen kala-kala ngawontenaken klenéngan. f. Mahargia S. Joesoep Pangajomaning pakempalan g. Ich-tijer ngoepadosaken dana kenggé titijang Katholiek ing Manggarai (Flores) ingkang sapoénika sami kangsarsan déning kikirangan teda.

Verslaggever A. S. D.

## Ngatoeraken soe-

geng 25 Dec. lan taoen énggal.

M. P. SOEMANDAR.

# OERAP-SARI

## KABAR KATHOLIEK

Pakoendjaran ing Ierland kotong.

Kala 25 Sept., Times New York ngewrat seratipoen Dan Cullers O' Flaherty. Cullers O' Flaherty poenika tijang Protestant, pangandjoer Methodisten, poenapadéne tijang ingkang ngoedi sanget kamardikan Agamaning nagari Ierland.

Seratipoen asoeraos makaten: „Kala 17 Sept., s.k. The Associated Press martosaken bilih pakoendjaran ing Ierland badé ka-toetoep, margi boten wonten tijang prantéjan. Prakawis poenika wonten babading manoenaga pantjén anggoemoenaken. Manawi koela ngéngerti pakoendjaran<sup>2</sup> ing Dartmoor lan Mountjoy, Kilmainham toéwin Kilkenny ingkang nalika djaman papréntahan Inggris taksih isi tetijang koendjaran, mangka sa-poenika ladeng kanggé setatsijoen radio lss, poenika koela ladeng jakin sanget dateng éwah-éwahan-ingkang ngédab-édabi poenika ingkang toe-woeh saking dajanan kamardikan. Lan, pangawoa-awon ingkang toemandoeck dateng Ierland malah andasaken koentjaraning namanipoen. Salebetipoen 5 abad langkoeng, Inggris tansah ngawon-awon Ierland, mastani bilih bangsa Ier poenika tanpa pranatan, boten saged maréntah pijambak. Nanging sapoenika, ... Ierland namoeng gadaah tijang prantéjan 700. Sasoemerep koela boten wonten nagari satoenggal kémawon ingkang njaméni Ierland bab prakawis poenika. Kadosdéné kita Richmond ingkang dijwanipoen 200.000, tijangipoen prantéjan langkoeng saking sapalih poenika, ka

djawi ingkang manggén wonten tuchthuis. Ing Virginia poenika tja-tjähing tijang koendjaran tikel 15 oetawi 20-nipoen tijang koendjaran ing Ierland.

Wontening pawartos makaten poenika toemrap bangsa Ier poenapadéne para mitranipoen Ierland, saëstoe ambingahaken, lan mongogaken manah. Mangka djoemedoeling pawartos waoe anjarengi Dammemora, Leavenworth lan Colorado, pakoendjaranipoen sesak sanget, ngantos prantéjan 3000 kadosaken satoenggal wonten kamar ingkang pantjénipoen namoeng kangé tijang 80.

Poenapa sababipoen déné Ierland ngantos makaten? Poenapa namoeng kamardikan tok? Lo, poenapa Amerikah Sarikat poenika dédé tanah mardika? Bédanung watakipoen bangsa ing Amerikah ingkang samanten katahipoen doemoenoeng wonten papan langkoeng wijar, langkoeng katalah godanipoen, poenika inggih saged toemoet andjalari bédanung Amerikah kalijan Ierland toemrap tijang prantéjan. Éwadéne, badéja makaten-makatena poenika, wonten sabab satoenggal ingkang boten kenging sinélakan, i.p. dajanning Agama Katholiek. Inggriki té-téla bédanipoen nagari ingkang Agama Katholiek roemasoek ing baloeng soengsoeming kawoela kalijan nagari ingkang kawoelanipen sapalih kémawon boten wonten ingkang malebet ing salah toenggiling Agama Kristen.

Wangsoelani poen Paréntah dateng R. Dwidjaséwaja.

Kala 17 Oct. warga gedelegeerde

Raad Kawaela R. Dwidjaséwaja ngatoraken serat pitakénan dateng Paréntah soeraosipoen kados ing ngandap poenika:

Wonten wartos kala tigang woelan kapengker, Balé Poestaka betah poenggawa kangé bagéjan serat kabar. Kala samanten ladeng katalah tijang Priboemi sami neda pandamelan redakteur. Sanadjan netepi poenapa ingkang dados pepanggilanipoen, éwadéne sami katampik.

Ladeng wonten njonjah ingkang nglamar, boten mangertos basa Mlajoe ingkang leres, boten netepi pe-panggil éwadéne ladeng binebahan ngringkes kabar-kabar saking serat kabar basa Mlajoe. Saréhné gadah diploma Duitsch, njonjah waoe dipointampéni kémawon kanti blandja f160, mawi pradjandji bédnjing jén sampoen mangertos saëstoe basa Mlajoe, badé kainggahaken pangkatipoen dateng B. 13 ablandja apes f250 sawoelan.

Lan wonten sawenéhing tijang siti nglamar nggadahi diploma A. M. S. Soerakarta, wonten ingkang katam-pén namoeng kablandja f110 sawoelan.

Gagajoetan kalijan nalar ing nginggil poenika, warga gedelegeerde kaseboet nginggil, njoewoen pirsa.

a. Poenapa paréntah nganggep bilih pandamelan Balé Poestaka bagéjan serat kabar oemoenipoen boten kenging kagarap tijang siti? lan poenapa karsanipoen Paréntah déne pandamelan ing ngrikoe namoeng kenging kagarap bangsa Éropah kémawon? 2. Manawi ingkang kaseboet ing no. 1 poenika boten, poenapa Paréntah karsus ngéngéketan panggeng B. P. bédnjing samangsia wonten lowongan sampoen ngantos toemindak makaten malih, mindak nama ambédkaken bangsa . . . .

Prakawis ing nginggil kawangsoelan Paréntah ddo. 5 Dec. soeraosipoen makaten: Poenggawa kantor serat kabar kedah gadah diploma tamat H.B.S. 5 taoen, gadah kawroeh basa Mlajoe oetawi sanésipoen. Balan-djanipoen ambtenaar golongan poenika toemoet schaal B. 18 ing B.B.L. 1925 — 1928. Pangkat redakteur (schaal A 19) poenika kalestanto-enaken toemrap tetijang ingkang sa-poenika taksih njepeng pangkat waoe. Nanging toemrap poenggawa énggal kedah manoet pranatan énggal, pandamelanipoen ingkang bakoe ngarang basa Mlajoe. Mila kedah mangertos Mlajoe ingkang kalimrah wonten serat-serat kabar toewin saged maos lan njerat basa Walandi.

Prakawis lowongan ingkang dipen-pikadjengaken R. Dwidjaséwaja poenika kala samanten ingkang nglamar namoeng tijang Priboemi sa-toenggal, toer tijang waoe kirang njejakpi. Déné njonjah waoe anggénipoen katampi sareng sampoen wonten panglamar bangsa Éropah tiga sami sandé, déning blandjanipoen boten andadosaken leganan manahipoen. Njonjah waoe tampi blandja f160 poenika sampoen timbang kalian diplomanipoen.

Kangé tjoban-tjoban, ing B. P. afdeeling serat kabar wonten wedalan A. M. S. Soerakarta kalah, kablandja á f100.

Dados ngéngéti ing nginggil poenika, toemrap pitakénan ing a. Paréntah paring wangsoelan „boten;“ déne toemrap nomer kalah boten preloe dipoenparangi wangsoelan.

### Pabrik gendis ing tanah Kedjawèn.

Manoet palapoeran Alg. Syndicat van Suikerfabrieken in Nederlandsch-Indië, kangé taoen 1928, ing tanah Kedjawèn wonten pabrikipoen teboe 33. Pabrik teboe samanten katahipoen poenika ingkang doemoenoeng wonten Ngajogyakarta 17, Soerakarta 16.

Ing salebetipoen taoen 1928 boten wonten pasoelajan toemrap bajar.

Tjetjahipoen kobongan, taoen 1928 langkoeng katalah tinimbang taoen '27. Kala tn. '27 ing Soerakarta wonten teboe kobongan rambah kaping 18 nelasakan patebon 20 h.a.; ing Ngajogjakarta rambah kaping 15 nelasakan patebon 22 h.a. Wangsoel ing taoen '28, Soerakarta wonten teboe kobongan kaping 32, nelasakan: 59 h.a., Ngajogjakarta kaping 14 nelasakan 12 h.a.

Kapratélikaken kobongan waoe ingkang katah-katah margi tindak kirang ngatas-atas oetawi margi mawa locomotief ingkang langkoeng ngandalaken arta kangé pirantos-pirantos poenika waoe boten nama sakedik (brondjong deling, doek, banon, lss.)

Katerangaken oegi bilih pabrik waoe inggih ambaténi tetijang Priboemi margi anggénipoen toembas pirantos-pirantos damelanipoen tijang Djawi, mangka anggénipoen ngandalaken arta kangé pirantos-pirantos poenika waoe boten nama sakedik (brondjong deling, doek, banon, lss.)

Tjetjah-tjetjah ing ngandap poenika dipoenanggé boekti, bilih arta pabrik inggih katalah ingkang toemanda dateng tijang Djawi.

# ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

O, . . . . , TENTREM . . . . , TENTREM . . . . !!

Pandjenengan mesti taksih kénégetan djaman 1914-1918!

Poenapa wohipoen perang ageng kala samanten?

Tijang ingkang pedja h wonten: 13 mljien (Tijang samanten poenika jén kapoerih baris njakawan, sijang daloe loemampah, lan loemampahipoen limrah, saweg saged rampoeng salebetipoen sawoelan; manawi dipoenemot ing baita, ke-dah kasedijanan baita 13.000 . . . ) Déné ingkang nandang tatoe: 16 mljien. Ingkang poetoeng tangan soekoe, oetawi iganipoen wonten 5.600.000. tijang. (Djiwa samanten poenika jén kapoerih djédjér moloe-moloe, pandjangipoen wonten sa-king Anjer Kidoel doemoegi Bajuewangi; manawi kapoerih baris njekawan-njekawan, rampoengipoen kirang langkoeng satengah woelan). Kadjawi poenika, perang ageng wa-oe angrisakan barang darbé pa-naoga: 200 mljien roepijah.

O, saëstoe anggigiris!

Penganggep boten saé toemrap perang, poenika djaman sadérèng-ipoen Sang Kristoes mijos sampoen wonten. Poedjingga Horatius (65-8 sadérèngipoen Sang Kristoes), sampoen saged trijos: „Bella matribus detestata“ - „paprangan koewi disengiti para bijoeng.“

Nanging panganggep waoe saja ngaléla tjeta, sareng bangsa Éropah sampoen ngalami kasangsaran déning dajaning perang 1914-1918.

Bakda perang donja, tetijang la-djeng ngelak dateng katentreman.

Para maos! Pandjenengan mesti inggih kénégetan Volkenbond wedalan Wilson Pandjenengan inggih kénégetan oegi, kala tanggal 27 Agoestoes 1928 para wawakilng pradja pinten-pinten sami nanda tangani pradjandjian „Anti Oorlog“ wonten ing Paris. Anggénipoen sami ngadani „Kellogg Pact“ waoe, manoet oengel-oengel ing pradjandjian, margi: „sami mangertos terang soetjining kawadji-banipoen ngadjengaken karahardjaning manoenisa. (Diep doordrongen van hun heiligen plicht, het welzijn der menschheit te bevorderen).

Nanging sinten ingkang poeroen matitisaken galooetipoen Amerikah kalijan Inggris anggénipoen kados sigédekar siantoek, bokmanawi boten waoe netepaken bilih „Kellogg Pact“ waoe lahir batos saëstoe. Saja manawi tijang ngraosaken burgeroorlog ing nagari Tiongkok, ngraosaken lelajanipoen Roeslan kalian Tiongkok, koela kinten malih ladeng netepaken bilih bedamén ing Paris waoe loegoe namoeng lamelisan kémawon.

Wonten ing De Koerier no. 199, 27 Nov., pandjenengan saged pirsa litnan barisan samodra toewan L. Doorman anggoesolaken njan-tosani barisan samodra lan daratan. Preloeniipoen poenapa? Namoeng kangé andjagéni soepados samangsa-mangsa-wangsa wonten perang Nederland.

Dados ngéngéti ing nginggil poenika, toemrap pitakénan ing a. Paréntah paring wangsoelan „boten;“ déne toemrap nomer kalah boten preloe dipoenparangi wangsoelan.

### Pabrik gendis ing tanah Kedjawèn.

Manoet palapoeran Alg. Syndicat van Suikerfabrieken in Nederlandsch-Indië, kangé taoen 1928, ing tanah Kedjawèn wonten pabrikipoen teboe 33. Pabrik teboe samanten katahipoen poenika ingkang doemoenoeng wonten Ngajogyakarta 17, Soerakarta 16.

Ing salebetipoen taoen 1928 boten wonten pasoelajan toemrap bajar.

Tjetjahipoen kobongan, taoen 1928 langkoeng katalah tinimbang taoen '27. Kala tn. '27 ing Soerakarta wonten teboe kobongan rambah kaping 18 nelasakan patebon 20 h.a.; ing Ngajogjakarta rambah kaping 15 nelasakan patebon 22 h.a. Wangsoel ing taoen '28, Soerakarta wonten teboe kobongan kaping 32, nelasakan: 59 h.a., Ngajogjakarta kaping 14 nelasakan 12 h.a.

Kapratélikaken kobongan waoe ingkang katah-katah margi tindak kirang ngatas-atas oetawi margi mawa locomotief ingkang langkoeng ngandalaken arta kangé pirantos-pirantos poenika waoe boten nama sakedik (brondjong deling, doek, banon, lss.)

Katerangaken oegi bilih pabrik waoe inggih ambaténi tetijang Priboemi margi anggénipoen toembas pirantos-pirantos damelanipoen tijang Djawi, mangka anggénipoen ngandalaken arta kangé pirantos-pirantos poenika waoe boten nama sakedik (brondjong deling, doek, banon, lss.)

Tjetjah-tjetjah ing ngandap poenika dipoenanggé boekti, bilih arta pabrik ingkang tijang awon.

génipoen Amérikah ènget-ènget waoe awawaton déné Roeslan inggih toemoet nanda tangani Beda-mén Kellog.

Nalar-nalar ing nginggil poenika manawi karaosaken mesti noewoh-aken manah sangga roenggi, boten ngandik alian Anti Oorlog waoe. Tetijang ladeng moengel kados sang Victor Hugo:

„Tout le monde pue, pue, pue, . . .“  
„De heele wereld stinkt, stinkt, stinkt, . . .“  
„Sadagad angganda batjin, batjin, batjin, . . .“

Nanging poenapa atoer koela ing nginggil, anggadahi teges: katentreman ikoe ora kena ginjaoch?? O, babar pisan boten!

Prof. mr. J. van Kan, kala medar sabda bab „Het Vredesprobleem als Rechtsprobleem“ wonten Betawi tanggal 8 Djoeli '29, ngandikakaken ingkang soeraosipoen makaten: „Koe-la jakin sanget, tetijang mesti badé nglampahi, oeger dipoenmangert-aken saëstoe dateng rembag katentreman, dipoensrep-srepaken bilih katentremaning djagad makaten déde impéen; saged kelampah saëstoe! Dados kedah dipoensoemerepaken: tentrem koewi bis a kelakon, lan inggih kedah kamangertosaken: ke-prije isané kelakon . . .“

Prof. van Kan oegi ngandikakaken sambékalanipoen panggajoech dateng katentreman ingkang saprika-saprika tansah wonten kémawon, i.p. anggénipoen bangsa<sup>2</sup> amboedjeng kamoel-janipoen pijambak, inggil nationale zucht oetawi sacro egoism o.

Katentreman pantjén kenging gi-jaoeh! Sinten ingkang soemeda loemebet wonten Pirdoesing Katentreman kedah boten nilar Wet Katremsan: „Sira nresnanana Goesti Pangéranira kanti goemolonging ati, soekma, boedi lan kekoewatanira. Lan, sira nresnanana papadanira dikaja karo awakira déwé.“ (Marcus 12: 30—31).

Manawi sadja bangsa saged ne-tepi pepatjoech poenika, Katentreman badé soemrambah anartani saloe-mahing djagad.

Kadang Katholieks! Atoer koela ing nginggil koela tanggoehaken pandjenengan bakda ngloehoeraken dinten pangéng-ènget Mijos Dalem Ratoening Katentreman, lan ngadjengaken taoen énggal!

Moegi barkah pangéstoe Dalem ingkang pandjenengan soewoen salebetipoen ngloehoeraken Ratoening Katentreman waoe, amajoengi lampah pandjenengan wonten taoen ngadjeng anandangi poenapa kémawon ingkang mikanteki toemrap Allah lan siti - kelahiran.

Moegi anggén pandjenengan sami ngloehoeraken Ratoening Katentreman, saged ndajani temtreming bewana!

„Tentrem, . . . tentrem . . . .“ — makaten ingkang kedah dados sa-santi kita. Djer katentreman makaten dodos karsa Dalem Pangéran rikala nitahaken boemi langit saisainipoen!

Wasana ing dinten 25 December, koela ngatoeraken „bekti, taklim, toewin pamoedji“ dateng pandjen-enganing sadja.

Kumuningsaselé 23 Dec.

Taklim: PATJAR MERAH.

## MANTJA NAGARI.

**AFRIKA. Gégéran ing Nigeria.** Tilgram Aneta saking London dd. 18 lan 19 December anjarijosaken ing kota Opobo lan Aba bawah Nigeria, wonten gégeran.

Ingkang dados sababipoen margi tetijang Priboemi ngrikie sami kalin-toe panampi babagan paos pamedal. Tetijang sami nginten bilih tijang éstri sadja sami kengé paos, sarta badé boten poeroen ambajar. Ingkang makaten waoe andjalari tetijang ngrikie kala 11 Dec. sami arak-arakan. Tetijang éstri éwon sami toemoet arak-arakan waoe. Mangka poelisi inggih sampoen nerangaken bilih tijang éstri boten kakéngingaken paos.

Arak-arakan kaseboet nginggil la-djeng angerisal poenapa-poena langkoeng-langkoeng ing sakawi-te-ningenipoen Opobo kalian Aba.

Sampoen mesti kémawon poelisi sabijantoe kalian militèr ladeng dja-gi-djagi. Ing tanggal 18 Dec. para ngangkang ngatang waoe nglawan prijantoe Nagari, lan tandangipoen sajai santer ngantos wani badé ngre-boet sendjatanipoen pradoerit. Temahan, militèr kapeksa ngoengelaken sendjatanipoen, andjalari wontening radja tatoe pinten-pinten lan pedja-ipoen tijang kalih dasa (ingkang sa-pérangan ageng tijang éstri).

M. v. BIENE.

Toekang herlodji  
dan Toekang emas.

Adres jang  
moerah

DJOKJA BANDOENG  
Telf. 252 Telf. 226  
boeat LONTJENG, HER-  
LODJI dan PERKAKAS  
EMAS.

Pembatja  
**SWARA TAMA,**  
dengan bawa lembaran  
Swara Tama  
dapat POTONGAN.

B E K T I,  
T A K L I M  
lan  
P A M O E D J I

koela, ing dinten:

**25 DECEMBER**

Poerwakinanti Djokja 25/12 '29 — A. S. Dwidjasaraja sa - anak - bodjo.

## VOLKSALMANAK MELAJOE 1930

**soedah habis didjoeal**

Dalam koerang lebih tiga boelan sadja soedah bisa lebih dari

**40.000**

(beloem terhitoeng 40.000 Volksalmanak Djawa dan Soenda)

**akan tetapi djangan takoet**

sebab mengingat keperloean toean<sup>2</sup> jang beloem memesan, BALAI POESTAKA soedah moelai tjékat tambahannja Volksalmanak Melajoe

**8000 lagi!**

SIAPA SOEKA BOLÉH BELI, SIAPA SOEDAH TENTOELAH POEDJI!



## PAKOLÈH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWÈT INGGIH NAMOENG MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED  
ALCYON DUNLOP R. I. W.

Nitjil kenging! — Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG  
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

TOKO DJOEN & CO.  
PATJINAN Telef. No. 374 DJOKJA.

BOEWAT MERAJAKAN HARIE RAJA  
TAHOEN BAROE.

KITA BAROE TRIMA:

ROEPA<sup>2</sup> MERTJON DAN KEMBANG APIE  
Dari fabriek di Batavia, Semarang, Koedoes, dll.  
OKKERNOOT dan KASTANJES per pond . . . . . F 1.00  
BOEWAH APPEL jang bagoes dan lain<sup>2</sup>.  
Datenglah saksiken!

Memoedjikan dengen hormat  
Toko DJOEN & Co.



Sapoeniaka, kawontenan ing ngrika sampoeri lerem; pabrik-pabrik wiwit njamboet-damel malih.

Pangageng Wetgevende Raad ingkang dipointjepeng golongan damel gégér, sampoeri dipoenpitoeloengi militèr, kaloewaraken.

\*\*

**BARITANIJAH.** Eere burger-schap Mac. Donald kalijan Snowden kala 19 Dec. pikantoeke eere burgerschap London. Nalika semanten Mac. Donald medar sabda asoeraos: moegi anggènipoen mentas mertamoe dateng Amérika Sarikat poenika anoemoesi lestatoening katentremaning bawana; margi, kangé ngadjengaken adiling djagad, poenika boten wonsanèsiopen ingkang lakoeng preloe kadjawi roekoenoipoen Inggris kalijan Amérikah.

Déné toewan Snowden njarijsaken bilih saéning jalajananipoen djagad internationaal poenika boten bade saged lestantoe saé, manawi boten dinasaran adil.

\*\*

**Boten narimahaken tindakipoen Sovjet.** Ing London salebetipoen minggoe kapengker wonten tijang pinten-pinten nglempak ing gedong Albert Hall perloe boten narimahaken tindakipoen paréntah Sovjet anggènipoen ngroeja-oeja golongan Ag-gami. Tetijang ingkang sami ngalémpak wonten ngrikoe, ingkang sa-pérangan ageng wanita. Kala samaten sadja kémawon sami ngening-aken tjipta samenoet kangé anggolongaken boedi lan manah ngéngerti tetijang ingkang sami nandang sangsara karana Agamanipoen ing tanah Sovjet.

Saking oesoelipoen Lord Erentford, parepatan ngwontenaken motie boten narimahaken sanget pamalin-deripoen Sovjet dateng tetijang ing

kang nglampahi Agami lan sakolah-an<sup>2</sup> ingkang mawi dadasar Agami.

Imam Agoeng Heriz njarijosaken bilih wontening pangoeja-oeja ing Roeslan poenika, ingkang kasangsaran pijambak bangsa Jahoedi.

**TIONGKOK.** Ingkang dados sebab-sebabipoen burgeroorlog. Soepados para maos Swara Tama saged gamblang bab burgeroorlog ing nagari Tiongkok, ing ngriki koe-la petikaken sabab-sababipoen ingkang andjalari ing nagari waoe wonten paprangan sadérék sami sadérék.

Petikan ing ngandap poenika, sa-king De Koerier, déné Koerier pentetan saking salah satoenggiling koran Tjina ing Singgapeur dahani-poen Sin Kuo Min Press. Sin Kuo Min Press. poenika adatiopen mangertos gamblang bab gloet-gloeting kawontenan ing nagari Tiongkok, mila katrangan ing ngandap poenika kenging sanget pinitados.

Katjarijos, nalika presidèn Chiang Kai dados presidèn, ladjeng ngrantjang bezuiniging ngirid wedaling arta nagari ingkang sampoeri tipis sanget déning wontening burgeroorlog ingkang kapengker. Margi makaten waoe, Chiang Kai Shek ladjeng badé njoeda katahing wadyabala. Roemaosipoen réhne sampoeri wonten burgeroorlog, boten preloe gadah wada bala katahatah.

Maarschalk Feng Hu Hsiang (gadah bala 250.000) ingkang ngeréh-aken provinie Shensi, Honan, lan Kansu toemoenten dipoenabani soepados ngringkes pradjoritipoen kadasaken 125.000. Nanging Maarschalk Feng boten poeroen. Maarschalk Sung Chit Yen pangageng wadyabala ing Shensi, niroe tindakipoen Feng, lan wasana ladjeng dipointjopot déning presidèn Chiang Kai

Shek. Katjarijos, goepreneroer ing prov. Shansi (dédé Shensi) maarschalk Yen Shi Sin poenika setya dateng Paréntah Nanging. Maarschalk Yen Shi Sin ladjeng badé ngeloek pambalanipoen Feng Hu Hsiang, sarana dipoenolemi dateng Shansi, kaadjak rembagien. Nanging rembagipoen boten pikantoeke damel, maarschalk Feng taksih tetep angekahi anteping manahipoen. Margi makaten poenika, maarschalk Feng ladjeng dipointjepeng.

Mireng pawartos maarschalk Feng dipointjepeng waoe, mitranipoen i. p. maarschalk Sung Chit Yen ladjeng ngimpoen wadya bala 100.000 ngraman wonten Shansi. Kraman poenika teroes pikantoeke bijantoe djéndral Sun Liang Chen ing Hanan, lan Seck Ching Ting ing Shensi. Wadyabalanipoen tijang tiga poenika kapérang dados tigang golongan, angkahipoen badé ngrabasa kita Hankow teroes ngempoer kita-paprétahan Nanking.

Wadyabalanipoen Maarschalk Feng ingkang kataban waoe, (125.000) ingkang kirang langkoeng 60.000 sami toemoet dados wadyabalanipoen nagari, kapangagengan djéndral Han Fu Chu kalijan Ngai Yi San, déné tirahani-poen nglempara tanpa titin-dih.

Bala kraman ingkang kalih panta dipointjepeng Sung Chit Yen lan djéndral Sun Liang Chen sami mlampah saking Tungkwan dateng wates Shensi kalijan Honan, ladjeng patjakbaris wonten Loyang ing mar-gi sepoer Lunghai.

Saking Loyang, wadyabala golongan no. 1 (dipointjepeng Sun) mlampah dateng Tengfeng sakidoel-kilén Chengchow. Wonten margi sagé noetoeti lampahipoen wadyabala 60.000 ingkang sami badé

## KALAU BELI OBAT - OBAT

mémang tiada maoe pakai per-tjoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada te-rima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar Djangan beli sama sekali.

Obat-obat keloearan roemah<sup>2</sup> obat

„RATHKAMP“ MALIOBORO

soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tja

„RATHKAMP“ DJOKJA

tanggoeng beli jang paling baik. Djaga tja „RATHKAMP“ dan „ERCEE“

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

## TOKO BARANG-BARANG. H. SPIEGEL — DJOKJA.

BOEAT KEPELLOEAN ST. NICOLAAS:

kami ada sedia:

roepa-roepa dolanan bagi anak-anak moelaï harga 15 cent sampai f 40.

OENTOEK KEPELLOEAN KERSTMIS,

kami ada sedia:

matjem-matjem barang boeat geschenk; Kerstboomen dan perhiasan Kerstboom

Sekolah-an sekolah dan perhimpoenan-perhimpoenan, bisa terima potongan harga.

## DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30 - 8.30.	Lamah	5.30 - 6.8.	Pekalongan <sup>3)</sup>	7.30.	Soerabaja:
Amboina	7.30.	Lawang <sup>5)</sup>	7.	Pemalang <sup>3)</sup>	7.30.	Kepandjén, 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul, 6 - 7 - 30 - 9.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Majelang	7 - 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandoeng Balai 7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandoeng Karang 8.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandoeng Sakti 7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tijna).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara 7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal <sup>2)</sup> 7.30 - 9.30.
Djokja:		Medari <sup>6)</sup>	7.30.	Sambong	8.	Tering 7.
		Kampementraat Eur.	7 - 9.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap <sup>8)</sup> 7.30.
		Jav.	6 - 8.	Sedajoe	7.	Tjimahi 6 - 8.
		Mendoet	6 - 7.30.	Sedjiram	5.45 - 8.30.	Tomohon 7 - 8 - 9.
		Modjokerto	6 - 8.	Semarang:		Waties <sup>7)</sup> 7.
		Moentilan	5 - 6 - 8.	Gedangan	7 - 9.	Weltevreden:
		Muntok	8.	Bangkong	6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
			Ngawi <sup>7)</sup>	Tjandi	7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
			7.30.	Randoesari	7.	Wonosobo <sup>8)</sup> 7.30.
		Padang	7 - 8.15 - 9 (tijna).	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan 8.30.
		Pandjang	7.30.	Soekaboemi	6 - 7.30.	
		Pajakoembo	7.30.			
		Palembang	7 - 9.			
		Koeta Radja	6.30 - 8.			

<sup>1)</sup> 1e. Achad. <sup>3)</sup> 2e. Achad. <sup>5)</sup> 1e., 2e., 4e. Achad. <sup>7)</sup> 3e. Achad.

<sup>2)</sup> 1e. + 3e. Achad. <sup>4)</sup> 1e. Achad tiap<sup>2</sup> doea boelan. <sup>6)</sup> 2e., 4e. Achad. <sup>8)</sup> 4e. Achad.

anggolong kalijan wadyabalaning paréntah, kaseboet nginggil. Wadya 60.000 poenika waoe dipointerangi lan kapeksa kapoerih wangsoel. Lampahipoen bala Sun kapapagaken wadyabala Nanking 40.000 dipointeranggeng Tang Seng Chee, temahan wadyabala kraman kaseser, kaoendoeraken doemoegi Loyang, ngantos sapriki taksih tjampoeuh perang ramé.

Barisan kraman ingkang nomer 2, (dipointerang Sung Chit Yen) mlampah dateng Juehow. Sa-reng doemoegi 10 mil saking Ju-chow, barisan kraman kapapagaken wadyabala paréntah 60.000 dipointeranggengdjéndral Chiang Kai Shek pi-jambak. Wadya kraman kaseser sarta sami kepladjeng, dateng Tung-kwan, nanging saben-saben inggih taksih wangsoel.

Katjarijos warga barisan kraman ingkang no. 3 (atitindih djéndral Seck Ching Ting) lampahipoen manidoel, sarta saged loemet ing kota Lokohow ing pro. Hupeh.

Barisan no. 3 poenika dipointeranggeng dateng kraman kaseser sarta sami kepladjeng, dateng Tung-kwan, nanging saben-saben inggih taksih wangsoel. Katjarijos saged loemet ing pro. Hupeh. Wadyabala kraman saged ndesek malebet, ngantos doemoegi provinie Kwansi. Sareng doemoegi Kwangsi ladjeng sakoeton kalijan djéndral Liu toewin Li Chun Jin, mangoen perang kalian Canton, Wadyabalanipoen kapérang dados kalih golongan, ingkang sagolongan dipointeranggeng Sung Chit Yen. Sa-reng doemoegi Kwangsi ladjeng sakoeton kalijan djéndral Chang Fat Hui poenika mangagengi Hupeh Kilén, baris wonten Ironsides lan Ichang. Kala samanten angsal dawoe saking présidèn Chian Kai Shek soepados patjak baris wonten Hankow.

Nanging, malah ladjeng brontak, pradjoritipoen kalampaheken manidoel; ingkang dipointeranggeng Sung Chit Yen. Sa-reng doemoegi Kwangsi ladjeng sakoeton kalijan djéndral Chang Fat Hui ngangseg malebet ing kota Hunan, tjampoeuh kalijan wadyabala Hunan ingkang dipointeranggeng djéndral Ho Chien. Wadyabala kraman saged ndesek